



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 6 novanm 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$500,000 NAN SIBVANSYON REZO REKREYASYON NAN ANWO HUDSON
POU SIS KOMINOTE YO NAN ADIRONDACK**

Finansman an pral konekte touris ak opòtinite rekreyasyon avèk devlopman ekonomik

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse \$500,000 sibvansyon pral atribye a kominote yo nan Adirondacks pou amelyore devlopman biznis ak aksè a ansyen tè Finch ke yo te fèk achte, Pruyn & Co. Sibvansyon rezo Rekreyasyon Adirondack Park anwo Hudson, ke Nature Conservancy te bay, pral itilize pou finanse nèf pwojè kap ogmante opòtinite touris, sipòte kwasans ti biznis ak amelyore òf rekreyasyon, ranfòse ekonomi lokal rejyon an ak sipòte travay.

“Prevève nati sovaj Adirondacks pandan lap pwomote aksè ak kwasans nan rejyon an se yon eritaj jenerasyonèl kap kontinye jodia,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Pwojè sa yo pral rann li pi fasil pou vizitè yo vwayaje, peche, lachas ak pwofite de peyizaj san parèy nan Adirondacks, pandan lap ranfòse ekonomi kominote yo nan tout rejyon an. Mwen remèsye Nature Conservancy pou sipò enpòtan ak kontinyèl yo nan Adirondacks ak nan Eta New York.”

Sibvansyon ki sèvi pou finanse pwojè devlopman kominotè rekreyasyon Adirondack Park anwo Hudson sipòte biznis ki oryante nan pwojè devlopman ki ranje nan ekipman nouvo sèvis gid nan Newcomb ak vwayaj kayak gonflab nan anwo rivyè Hudson, pou etabli yon zòn platfòm ekitasyon nan Nò Hudson ak Long Lake. Pou pwomote opòtinite kap parèt pou rekreyasyon ak biznis ki gen rapò a touris nan zòn lan, Konte Essex pral etabli yon pwogram sibvansyon mikwo-antrepriz itilize yon pòsyon nan finansman sibvansyon an.

Nature Conservancy te achte ansyen tè Finch yo nan ane 2007. Pou pwoteje tè a pou pwochen jenerasyon yo, Gouvènè Cuomo te anonse nan ane 2012 ke Eta te jwenn yon akò avèk Nature Conservancy pou achte 69,000 karo tè ak lòt bagay Nature Conservancy te kenbe pou yon peryòd senkan.

Komisyonè Depatman Konsèvasyon Anviwonman Joe Martens te deklare, “Adirondack te yon destinasyon popilè pandan lontan pou moun ak fanmi tout kapasite, e yo pral elaji opòtinite rekreyasyon

ansyen tè Finch yo nan fason enpòtan epi sipòte ekonomi rejyonal la. Gouvènè Cuomo angaje pou pwoteje resous natirèl esansyèl ak devlope aksè piblik adisyonèl pou rekreyasyon anplennè e sibvansyon sa yo pral ede reyalize objektif sa yo. Sou lidèchip Gouvènè a, e avèk patenarya solid tankou Nature Conservancy ak ofisyèl lokal ak konte a, nou ka reyalize potansyèl konplè tè piblik yo nan park la.”

Michael Carr, Direktè Egzekitif Chapit Nature Conservancy Adirondack, te deklare, “Nou aplodi Gouvènè Cuomo ak Komisyonè Martens pou aksyon istorik konsèvasyon nan Adirondacks. Conservancy a espere kontinye travay ak kominote lokal, biwo touris rejyonal ak ajans eta a pou debloke potansyèl pou teren espektakilè sa yo pou jwe yon nouvo wòl nan aktivite rekreyasyon anplennè Park la ak ekonomi touris.”

Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Essex Randy Douglas te deklare, “Sa a se bòn nouvèl pou nou tout. Nou apresye sensèman angajman Gouvènè Cuomo ak Komisyonè Marten pou amelyore opòtinite anplennè pou vizitè ak rezidan nou yo. Finansman sa yo pral ede nan bay yon ranfòsman devlopman ekonomik, ak pou ede atire yon laj varyete touris.”

Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Hamilton Bill Farber te deklare, “Mwen aplodi efò sa yo pou konekte kominote yo avèk vas tè yo isit la nan Eta New York. Prezèvasyon forè a se yon resous fòmidadab. Sibvansyon sa yo pral fè yon wout long nan devlope plan rekreyasyon ki enpòtan nan konte Hamilton e mwen enpasyan pou m kòmanse.”

Sipèvizè Bouk Newcomb George Canon te deklare, “Nou sipòte anpil inisyativ Gouvènè Cuomo nan sipòte ekonomi Adirondack. Prim sibvansyon sa yo se yon lòt etap pwogrè enpòtan nan direksyon pou resevwa avantaj konplè nan konsèvasyon tè Finch yo. Pèsonèlman, mwen apresye lidèchip Gouvènè a e nou kwè finansman sa a montre angajman l nan Adirondacks.”

Sipèvizè Bouk North Hudson Ron Moore te deklare, “Bouk North Hudson kontan pou l youn nan benefisyè sibvansyon sa a. Avèk li nou pral anmezi pou pran avantaj nan nouvo opòtinite rekreyasyon ki pral disponib avèk akizisyon ansyen Finch Pruyn ak tè Nature Conservancy yo. Sa a pral ogmante opòtinite biznis epi kreye yon kwasans ekonomik ki pi nesèsè nan bouk nou yo. Nou remèsye Nature Conservancy dèske yo te finanse sibvansyon sa yo e nou apresye anpil angajman kontinyèl alafwa Gouvènè Cuomo ak Komisyonè Martens nan Adirondack Park ak moun pami nou kap viv isit la.”

Sipèvizè bouk Minerva Stephen McNally te deklare, “Bouk Minerva kontan dèske li te youn nan benefisyè sibvansyon sa a. Sa a se yon tan enteresan pou bouk Minerva avèk nouvo akizisyon tè Eta te fè. Avèk èd Nature Conservancy, Gouvènè Cuomo ak Komisyonè Martens sa a pral kreye opòtinite pou kwasans ekonomik epi fè zòn sa a vini reyèlman yon destinasyon eksepsyonèl.”

Sipèvizè Bouk Long Lake Clark J. Seaman te deklare, “Nou sètènman apresye finansman sa a ki pral pèmèt nou kreye yon nouvo opòtinite rekreyasyon nan Long Lake. Sa a pral ede nou fè Long Lake, ansanm avèk kat lòt kominote yo nan rezo rekreyasyon anwo Hudson, yon destinasyon inik pou moun kap monte cheval nan nòdès la. “

Sipèvizè Bouk Indian Lake Brian E. Wells said, “Gouvènè Cuomo te yon fwa ankò montre angajman l nan relans ekonomik nan North Country. Li te deklare ke yo te achte teren sa yo ke non sèlman yo tap pwoteje yo pou pwochen jenerasyon yo men yo te ka itilize yo tou pou kwasans ekonomik nan bouk Adirondack. Atribisyon sibvansyon sa yo nan plizyè minisipalite yo, biznis ki te etabli ansanm avèk antreprenè yo montre yon apwòch fleksib pou renouvèlman. Bouk Indian lake ap rete tann pou l enpleman pwojè sa yo e li remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li ak angajman l nan Adirondacks.”

Sipèvizè Bouk Johnsbury Ron Vanselow te deklare, “Bouk Johnsbury kontan pou l resevwa sibvansyon sa a e mwen eksprime apresyasyon m a Gouvènè Cuomo ak Nature Conservancy. Sibvansyon sa a pral sètènman amelyore ekonomi lokal nou an nan bay yon lòt fason pou vizitè yo nan zòn nou an eksprimante nouvo tè sa yo ke yo te fèk achte. Sa a se yon gwo opòtinite pou nou tout.”

Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta New York, an patenarya avèk Nature Conservancy ak administrasyon fidisyè erita natirèl New York te jere sibvansyon rezo rekreyasyon Adirondack Park anwo Hudson. Sibvansyon sa yo gen ladan:

- **\$100,000 nan bouk Newcomb** pou ekipman sèvis gid lokal pral itilize, Newcomb Guides Service LLC, pou bay yon sèvis navèt lapèch gide, lachas, espò kanotaj sou dlo, monte bekann nan mòn, kan ak kannòt / vwayaj kayak nan pati aryè peyi a. Sèvis sa yo ta prensipalman nan Chain Lakes Essex, anwo rivyè Hudson, nan lavni, Etan Boreas.
- **\$30,000 a Bouk Newcomb** pou enstale ekiri chwal nan kwizin ki nan wo mòn ak sit kan ke vizitè yo nan zòn lan ka itilize.
- **\$13,250 a Bouk Johnsbury** pou ekipman sèvis gid lokal yo pral itilize, North Creek Rafting Company LLC, ap bay vwayaj kayak gonflab gide nan anwo rivyè Hudson ant Newcomb ak nan rankont rivyè Endyen. Vwayaj sa a apwopriye pou moun kap kòmanse yo e li te vin posib pou pran retrè nan de lokasyon sid Newcomb - pon anfé a apeprè sèt kilomèt de Lak Harris ki antre nan ak pwopriyete rivyè Endyen, an amon nan rankont rivyè Hudson ak Endyen ak gwo dlo nan ravin Hudson.
- **\$356,750 a Konte Essex** pou pwojè patenarya kap ogmante efò planifikasyon anvan yo, enkli strateji rekreyasyon nan tout park Adirondack, seksyon riral 3 ak plan konpreyansif kominotè yo:

Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Essex— Pwogram Sibvansyon Mikwo antrepriz

Pwogram lan pral bay asistans agrandi mikwo antrepriz ki kalifye yo oswa kap demare ki pral sèvi ak atire vizitè yo nan rezo rekreyasyon anwo Hudson. Pwogram lan pral ofri aksè a lajan pou ede biznis yo modènize ak amelyore machandiz ak sèvis yo, vini pi dirab epi kreye ak kenbe travay.

Bouk Indian Lake - Baz Amelyorasyon ak Akizisyon Indian Lake

Yo pral itilize sibvansyon yo pou achte ak demoli yon bilding anba lavil la ki sible, epi enstale enfrastrikti dlo ak egou pou pwochen devlopman pasèl la. Sa a pral ede Indian Lake amelyore zòn anba lavil li a nan kreye yon distri devlopman ki pral gen gwo potansyèl pou re-devlopman komèsyal, rezidansyèl ak kiltirèl, plis enfrastrikti ak amelyorasyon biznis.

Bouk Long Lake - Pòl ekitasyon granj ak zòn platfòm

Yo pral itilize sibvansyon an pou konstwi yon zòn platfòm ekitasyon nan kòmansman santye a yon pis ekitasyon ki egziste deja, sa ki pral pèmèt bouk Long Lake pran avantaj pou elaji ak nouvo santye pou monte cheval ak opòtinite yo. Yo pral deziyen zòn platfòm lan avèk fleksibilite pou akomode lòt aktivite rekreyasyon.

Bouk Minerva - Mizajou ak Ekspansyon Sit Kan Minerva Lake

Sibvansyon an pral finanse amelyorasyon sèvis vizitè nan sit kan bouk Minerva posede atravè enstalasyon dlo ak branchman elektrik, kreyasyon nouvo sèvis konplè nan sit kan yo ak enstalasyon yon nouvo estasyon vidanj ak nouvo ekleraj LED enèji-efikas.

Bouk Newcomb - Mizajou Sant Enfòmasyon & Enplemantasyon yon plan Maketing

Bouk Newcomb pral itilize lajan sibvansyon an pou fè amelyorasyon nan sant enfòmasyon rivyè Hudson epi enplemante yon strateji maketing a plizyè etap ak mak.

Bouk North Hudson – Amelyorasyon Aksè Santye Plizyè itilizasyon Wout 9

Vil North Hudson pral kreye santye pakin ak etablisman ekitasyon pou gen aksè a tè eta atravè yon vas sistèm santye a plizyè itilizasyon ki lokalize nan pwopriyete minisipal nan pati lès ak lwès nan wout 9 NYS yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride